



GATEWAY ACADEMY

PWOGRAM ANVAN AK APRÈ LEKÒL

2024-2025

Boys and Girls Club

Kontak: 978-374-6171 Ext. 100 oswa frontdesk@haverhillbgc.org

Pwogram apre lekòl la se pou laj 6-18. Klib la bay pwogram enteresan, anrichisman akademik, yon repa cho chak jou, anplwaye ankourajan, ak yon anviwònman akeyan ak an sekirite. Pitit ou a ap gen opòtinite pou patisipe nan anpil aktivite epi aprann nouvo ladrès chak jou. [Lyen pou enskri.](#)

YMCA

Kontak: Cathy Wolf, Senior Director of Childcare Services, nan 978-478-5009 oswa wolfc@northshoreymca.org

Pwogram anvan/apre lekòl la ofri yon anviwònman edikatif amizan ki ede elèv yo devlope konfyans nan tèt yo, amitye, valè pozitif, ak siksè akademik. Aktivite yo gen ladan aktivite STEAM, tan devwa, aktivite sosyal-emosyonèl/konstriksyon ekip, ak aktivite fizik/anrichisman. Timoun ki anrejistre yo resevwa vin manm Y gratis pou jèn yo. Yo ofri swen tou pandan vakans lekòl, jou nèt, ak mwatye jou. [Link to flyer.](#)

YWCA

Kontak: Amy De Simone nan 978-374-6121 oswa adesimone@ywcanema.org

Pwogram apre lekòl sa a bay timoun ki gen laj 5-13 an yon anviwonman ki an sekirite, ki anrichisan e ki amizan. Sa gen ladann èd pou fè devwa, anrichisman akademik, ak aksè konplè nan aktivite ak enstalasyon YWCA, tankou pisin, jimnazyòm, ak sant òdinatè. Yo ofri swen tou nan vakans lekòl yo.

Pwogram	Orè	Pri	Sèvis Manje	Transpò
Boys & Girls Club 55 Emerson Street	2:45 – 7:00 pm	\$250 pou chak ane	Dine	Soti nan lekòl la - Otobis PM - Paran Vin Chèche
YMCA Gateway Academy	7:00 - 7:30 am 2:45 - 6:00 pm	\$89/semèn pou maten \$163/semèn pou apre midi Pri fleksib pou fanmi ki kalifye yo	Dine	AM - Paran Depoze PM - Paran Vin Chèche
YWCA 107 Winter Street	2:45 – 6:00 pm	Varye	Ti Goute	Soti nan lekòl la - Otobis PM - Paran Vin Chèche